

SS.7.C.1.3

Dekri kouman règleman Anglè ak repons a enkyetid kolonyal mennen a ekri Deklarasyon Endependans lan.

SS.7.C.1.3 Klarifikasyon Nosyon Fondamatal 1: Elèv yo ap swiv tras relasyon kozatif ant règleman Anglè/Britanik, repons Anglè yo plent kolonyal yo, ak ekri Deklarasyon Endependans lan.

Pandan Lagè Fransè ak Endyen an, Anglè yo ak Fransè yo te goumen sou bò lwès peyi kote ki gen koloni yo. Kolon yo te sipòte Anglè yo e te goumen nan lame yo. Anglè yo te genyen lagè a, men lagè a te kite Anglè yo avèk anpil dèt. Angletè te itilize koloni yo pou l rasable lajan pou yo peye dèt yo. Wa George III ak Palman an te deside **takse** kolon yo, sete fason ki pi bon pou ranmase lajan, men kolon yo pat gen reprezantasyon nan Palman an Anglè a lè yo te pran desisyon sa a.

Wa George ak **Palman an** te pase yon varyete de règleman (lwa) ki te takse kolon yo sou **machandiz** ak sèvis yo. Yonn nan lwa yo sete Lwa sou Tenb, ki te takse tout materyèl ki te enprime, tankou jounal, dokiman legal, ak jwet kat. Kolon yo te wè sa a kòm malonèt paske tout taks yo te ale dirèkteman nan gouvènman Anglè a, se pat nan gouvènman kolonyal yo. Yo te kòmanse òganize epi pale avèk konplent yo (grivans) kont wa a ansanm ak Palman an. Kolon yo tou te voye yon petisyon bay wa a ki deklare ke: 1) sèlman se lejissati kolonyal yo ki ka takse kolon yo, ak 2) ke taksasyon san reprezantasyon kont dwa kolon yo.

Palman an te anile Lwa sou Tenb la, men Palman an te pase lòt lwa. Pa egzanp, Palman an te bay lejissati kolonyal yo lòd pou fòse kolon yo bay sòlda Anglè yo kay pou yo rete e nour yo. Palman an tou te takse lòt bagay, tankou te, vè, plon, ak penti. Kolon yo lè sa a, te deside bòykote, oswa refize pou yo achte, anpil nan atik ki takse. Yo menm tou kontinye pale kont aksyon sa yo nan Palman an.

Gen kèk nan taks Palman an ki te al pi lwen pase taksasyon. Pa egzanp, la lwa koërsitif (yo rele tou lwa entolerab) te fèmen pò Boston an, se konsa ke bato pat kapab rive nan pò a pou delivre machandiz yo. Lwa sa yo tou, te fèmen kèk lejissati kolonyal yo.

Relasyon ki genyen ant Angletè ak koloni yo te vin pi mal kòm Palman an te pase jan de lwa sa yo nan koloni yo, e kolon yo te kontinye al opoze Palman an. Kolon yo te òganize, te ekri petisyon, ak te pale kont lwa yo, men lè tan fin pase kèk nan aksyon kolon yo te vin vyolan. Yo te kòmanse fòme militè pou goumen kont twoup Anglè nan koloni yo.

Nan mwa Janvye 1776, Thomas Paine te pibliye Bon Sans. bwochi sa a (ti liv) te kritike Wa George III e te diskite ke koloni yo ta dwe endepandan de Angletè. Kèk mwa aprè, Thomas Jefferson te ekri Deklarasyon Endependans lan, ki te fòmèlman apwouve pa Kongrè Continental la, le 4 Jiyè 1776.

machandiz - machandiz oswa objè pou vann oswa komès

Palman an - lejissati Anglè a

taks - lajan chaje pa yon gouvènman pou establisman oswa sèvis espesifik

Sous:

"Effects of the French & Indian War." *About.com*. N.p., 2014. Web. 10 March 2014.

<<http://militaryhistory.about.com/od/americanrevolution/a/amrevcauses.htm>>

"English Colonial Era 1700 to 1763." *TheHistoryPlace.com*. The History Place, 1998. Web. 10 March 2014.

<<http://www.historyplace.com/unitedstates/revolution/rev-col.htm>>

"Timeline for American Independence." *CRFCelebrateAmerica.org*. Constitutional Rights Foundation, 2013. Web. 10 March 2014.

<<http://www.crfcelebrateamerica.org/index.php/story/69-timeline-for-american-independence>>